



# Depatman Edikasyon Elementè ak Segondè Massachusetts

75 Pleasant Street, Malden, Massachusetts 02148-4906

Telefòn: (781) 338-3000

TTY: N.E.T. Relay 1-800-439-2370

Jeffrey C. Riley  
Komisyonè

Septanm 2023

Chè Paran/Responsab Klas 2027 la:

Elèv k ap antre nan nevyèm ane yo nan lekòl segondè nan yon moman kote eta a ap fè tranzisyon pou nouvo estanda pou pase pou egzijans Detèminasyon Konpetans MCAS (Competency Determination, CD) nan lang ak literati angle (English language arts, ELA), matematik, ak syans. Mwen espere lèt sa a va ede klarifye egzijans pou gradyasyon ki aplike pou klas pitit ou a.

Nan reyinyon espesyal 15 out 2022 li a, Konsèy Edikasyon Elementè ak Segondè a te vote pou mete ajou egzijans CD a kòmanse ak klas 2026 la. Nouvo estanda a etabli nòt minimòm pou pase nan ELA, matematik, ak syans pou yo ka gradye nan lekòl segondè. Elèv ki nan pwomosyon 2026 pou rive 2030 yo dwe satisfè kondisyon sa yo pou yo ka jwenn diplòm lekòl segondè yo (anplis yo satisfè tout egzijans gradiyasyon nan nivo lokal yo):

- jwenn yon nòt 486 oswa pi wo nan egzamen ELA ak matematik oswa repriz tès; oswa
- fè yon nòt 470–485 nan egzamen ELA ak matematik oswa repriz tès epi ranpli kondisyon yon Plan Konpetans Edikatif (Educational Proficiency Plan, EPP) nan matyè sa yo ([www.doe.mass.edu/assessment/epp](http://www.doe.mass.edu/assessment/epp)); epi
- touche yon nòt 470 oswa pi wo nan tès syans nan byoloji oswa entwodiksyon fizik.

Elèv yo pral pran tès ELA ak matematik nan 10<sup>yèm</sup> ane e yo kalifye pou pran youn nan tès syans yo nan 9<sup>yèm</sup> oswa 10<sup>yèm</sup> ane. Elèv yo ap kontinye gen opòtinite pou yo refè tès yo pou tès MCAS yo nan lekòl segondè epi y ap gen posibilite pou yo kalifye pou pwogram bousdetid atravè tès MCAS lekòl segondè yo. W ap jwenn enfòmasyon sou bousdetid yo disponib sou [www.doe.mass.edu/scholarships/mastery/koplik-adams-compare.html](http://www.doe.mass.edu/scholarships/mastery/koplik-adams-compare.html).

Si ou gen nenpòt kesyon sou egzijans gradyasyon yo, tanpri kontakte konseye pedagojik ou a oubyen direkchè lekòl la oubyen vizite [www.doe.mass.edu/mcas/graduation.html](http://www.doe.mass.edu/mcas/graduation.html) pou plis enfòmasyon.

Ak tout kè mwen,

Jeffrey C. Riley  
Komisyonè nan Edikasyon Elementè ak Segondè